



SE POU NOU TOUNEN BYEN AK BONDYE

## Kijan pou ale konfesyon:

*Ou kapab fè konfesyon chita fas a fas ak pè a oubyen tou ou gen dwa met ajenou dèyè ti fenèt nan konfesional la.*

- 1 EKZAMINE KONSYANS OU:** *Pran yon ti moman pou analize lavi ou pou wè kijan ou obsève 10 komandman yo, oubyen Beatitid yo ak egzanp Kris la. Lè w fin wè kote ou pat obsève komandman yo, oubyen ou pat renmen Kris la, lapriyè Bondye pou mande padon.*
- 2 KOMANSE KONFESYON OU:** *Aprè pè a fin resevwa w e salye w, nou toulède fè siy lakwa. Ou mèt di konbyen tan ou genyen depi dènye konfesyon ou. Ou mèt di tou : Padone m, monpè, paske m peche. Sa gen ... tan (jou, mwa, ane) depi dènye konfesyon mwen. Men, peche mwen yo:*
- 3 KONFESYON:** *Konfese peche w yo. Fò ou confesé tout peche grav ou te fè depi dènye konfesyon ou. Pè a ka ba ou kèk konsèy ki kapab ede w pa tonbe nan menm peche yo ankò. Lap ba ou yon penitans pou w fè tou tankou lapriyè oubyen ak-septe fè yon ti sakrifis pou ede lòt yo.*
- 4 AKT DE KONTRISYON AN:** *Se yon lapriyè ki montre kijan ou regrèt peche w yo tout bon epi ki jan ou vle kase tèt tounen vin jwenn Granmèt la.*
- 5 ABSOLISYON:** *Pè a leve men l sou tèt ou epi li di yon lapriyè pou padone peche ou yo. Nan fen lapriyè sa, li fè siy lakwa sou tèt ou. Lè li fin padonnen peche ou yo ak pouvwa Jezi Kri ba li a, ou reponn AMEN!*
- 6 OREVWA:** *Lè konfesyon fini, pè mèt di ou: ale ak kè poze. Ou ka reponn: Mèsi Bondye, Mèsi. Kè poze sa ka ede rete fèm nan desisyon ou pou kase tèt tounen vin jwenn Bondye epi pou ou viv yon jan ki kore sou levanjil la.*



SE POU NOU TOUNEN BYEN AK BONDYE

## *AKT de KONTRISYON:*

*Bondye mwen  
mande w padon,  
pou tout peche  
mwen fè  
Paske ou se  
Bondye, ou se Mèt  
mwen, ou se Papa  
mwen.*

*Peche m fè ou  
lapenn anpil.  
M ap fè tou sa m  
kapab pou m pa  
rekomanse ankò.*

*“Benediksyon Bondye  
Papa a sou nou tout!  
Menm Jan Papa a voye m  
nan, se konsa m ap voye  
nou tou... Resevwa Lespri  
Sen an. Moun n a padone  
peche yo, ya resevwa  
padon vre. Moun n a refize  
padonnen; yo pap  
resevwa padon vre”  
(Jan 20:21-23).*



To find a Church  
in your area visit  
[www.miamiarch.org](http://www.miamiarch.org)